



# Ansanm n ap kontinye aprann !

## Ki ankadreman pedagojik nou dwe bay timoun nou an

- Ensèyman ak akonpayman a distans
- Demontre kontantman pou pwogrè ou wè pitit ou an fè nan sa l aprann avèk pwofèsè li yo
- Prepare yon plan travay pou pitit ou ki gen ladann egzèsis li ka fè e lòt aktivite ki gen rapò a sa li bezwen
- Fè yon suivi chak semèn ant ou menm, pitit ou e lekòl lan
- Mwayer pou nou ka sèvi avèk ekipman teknolojik yo pou ansèye e aprann a distans.

## Lòt mwayer pou akonpaye pitit ou

- Nan sit Entènèt [École ouverte](#) gen anpil lòt mwayer edikatif pou kontinye aprann nan chak matyè
- Plan edikatif sou sit Entènèt [École ouverte](#) pou òganize tout jounen fòmasyon nan matyè kap revise
- Materyèl pedagojik pou metrize kèk aprantisaj nan matyè ki obligatwa yo, tankou aktivite ki senp e ki amizan
- An patenarya avèk Télé-Québec, nou ka fè emisyon spesyal a karaktè edikatif sou [enclasse.telequebec.tv](#)
- Mwayer gratis pou ka gade liv, kaye e lòt ouvraj an liy, de pakèt editè ki gen non pou lekòl, jiska fen ane an
- Mwayer ki genyen pou antre lekòl la, daprè desizyon, pou al chèche kaye, liv e ekipman teknolojik yo
- Sèvis ki rele Alloprof yo, rete ouvè pou tout elèv e paran ki rete nan Québec.



Si w pa genyen yon ekipman teknolojik e yon koneksyon Entènèt ki bon, kominike avèk lekòl la pou w wè sa yo ka fè.

Pitit ou a ka benefisyé materyèl ke yo ka prete l.

## Wòl pitit ou

- Pran konesans kalandrye travay ke pwofèsè bay pitit ou e suiv li
  - Òganize yon plan pou suiv kalandrye travay ke pwofèsè bay li an
- Mwayer ou ka itilize pou plan edikatif ki disponib sou [École ouverte](#) pou planifye yon semèn parèy**
- Patisipe nan fòmasyon ke pwofèsè yo bay a distans, si li posib
  - Fè tout travay ke yo bay e respekte delè pou remèt yo
- Itilize tout mwayer nou genyen**

## Wòl ou kòm paran

- Bay timoun ou an ekipman teknolojik e yon kote pou li ka itilize l
- Gade plan travay la e ede timoun nan pou l suiv orè li an
- Ankadre e soutni timoun nan pou l kontinye aprantisaj li a.